# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Халық билимлендириў мәкемелериндеги спорт залларында “Спортты жақсы көр, спорт пенен жаса” сүрени астында ғалабалық спорт илажларын өткериў ҳаққында»**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 30-октябрь күнги ***“Саламат турмыс тәризин кеңирек ен жайдырыў ҳәм ғалабалық спортты және де раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында”***ғы ПФ-6099-санлы Пәрманына муўапық, халықтың барлық қатламлары арасында саламатлығын беккемлеўге жәрдем беретуғын анық бағдарламаларды әмелиятқа енгизиў, саламат турмыс тәризине кеңирек тартыў, олардың физикалық белсендилигин асырыў ушын спорт түрлерин раўажландырыў, ғалабалық спорт илажларын өткериў ҳәмде Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 21-январь күнги 4-санлы баянламасын басшылыққа алыў ҳәм орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 21-январь күнги 4-санлы баянламасы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

**2. Баянлама қарарына муўапық, усы буйрық пенен:**

- халықтың барлық қатламлары арасында **“Спортты жақсы көр, спорт пенен жаса”** сүрени астында ғалабалық спорт жарысларын өткериў;
- спорт илажларын шөлкемлестириў ҳәм өткериў бойынша Шөлкемлестириў комитети қурамы 1-қосымшаға муўапық;
- спорт жарысларының режеси 2-қосымшаға муўапық;
- спорт жарысларын өткериў графиги 3-қосымшаға муўапық;
- спорт илажлары әмелдеги Нызам талапларына муўапық өткерилиўи белгиленсин.

**3. 2021-жылдың январь-декабрь айлары даўамында:**

- Халық билимлендириў тараўындағы мәкемелердиң спорт залларында улыўма орта билим бериў мектеп оқыўшылары қатнасында **“Спортты жақсы көр, спорт пенен жаса”** сүрени астында спорт жарыслары өткерилсин.

**4. Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары (Б.Байниязов), барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары ҳәм Республикалық улыўма орта билимлендириў мәкемелери директорларына:**

- қала ҳәм районларда өткерилетуғын жарысларға улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқыўшы-жасларын, карантин қағыйдаларына әмел еткен ҳалда қатнасыўын тәмийинлеў;
- қала ҳәм районларда өткерилетуғын спорт жарысларын, тийисли шөлкемлер менен биргеликте жоқары дәрежеде шөлкемлестирип өткериў ҳәмде кең жәмәәтшиликти илажға тартқан ҳалда халыққа байрам кейпиятын үлесиў бойынша зәрүр шараларды көриў ўазыйпалары тапсырылсын.

***Белгилеп қойылсын,*** *баянлама қарарына муўапық, спорт жарысларының жеңимпазларын естелик саўғалары менен сыйлықлаў илажлары Өзбекстан миллий олимпия комитетиниң Қарақалпақстан бөлими тәрепинен көриледи.*

**5. Министрликтиң физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжәәтлары менен ислесиў бөлими (Қ.Бекбаулиев)не:**

- усы буйрықты бир күн мүддетте район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлерине, Республикалық улыўма орта билимлендириў мәкемелерине жеткериў ўазыйпасы жүкленсин.

6. Министрликтиң баспа сөз хызмети **(Т.Даўлетмуратов)не:**

- усы буйрық пенен берилген тапсырмалар бойынша әмелге асырылып атырған жумысларды, сондай-ақ, өткерилетуғын спорт илажларынан көринислерди министрликтиң расмий веб-сайты (***kkedu.uz***)на жайластырып, кең жәмәәтшиликке жәриялап барыў ўазыйпасы тапсырылсын.

7. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалап барыўды өзимде қалдыраман.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы

«05» февраль 2021-жыл

№ 34

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министрлигиниң
2021-жыл "05"-Февраль
"34"-санлы буйрығына 1-қосымша

**Халық билимлендириў мәкемелериндеги спорт залларында "Спортты жақсы көр, спорт пенен жаса" сүрени астында ғалабалық спорт илажларын шөлкемлестириў ҳәм өткериў бойынша Шөлкемлестириў комитети қурамы**

| № | Фамилиясы аты | Лаўазымы |
|---|---|---|
| 1 | А.Худайбергенов | - Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң биринши орынбасары, шөлкемлестириў топар басшысы |
| 2 | Ш.Таджимуратов | - Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри орынбасары, шөлкемлестириў топар баслығы орынбасары |
| 3 | Б.Байниязов | - Өзбекстан "Ёшлик" дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары |
| 4 | Б.Бекмуратов | - Өзбекстан "Ёшлик" дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими бас қәнигеси |
| 5 | Д.Сейтов | - Өзбекстан Республикасы Миллий гвардия "Динамо" дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан Республикасы Кеңеси баслығы орынбасары |
| 6 | Лаўазымына қарай | - Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги бөлим баслықлары ҳәм хызметкерлери, барлық район (қала)лық ХББниң кураторлары |
| 7 | Лаўазымына қарай | - Барлық район (қала)лық ХББ баслықлары, ағза |

Қорақалпоғистон Республикаси
Халқ таълими вазирлигининг
"05"- Февраль 2021 йил
"34"-сонли буйруғига 2-илова

**Халқ таълими муассасаларидаги спорт залларида "Спортни сев, спорт билан яша" шиори остида ўтказиладиган оммавий спорт мусобақаларининг**

# НИЗОМИ

Мазкур Низом Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2020 йил 30 октябрдаги ПФ–6099-сон "Соғлом турмуш тарзини кенг тарғиб этиш ва оммавий спортни янада ривожлантириш чора-тадбирлари тўғрисида"ги Фармонига мувофиқ Қорақалпоғистон Республикаси, Тошкент шаҳар ва вилоятлардаги спорт иншоотларида (кейинги ўринларда – спорт иншоотлари деб юритилади) **"Sportni sev, sport bilan yasha"** шиори остида спортнинг мини футбол, бадминтон, баскетбол, волейбол, стол тенниси, шахмат ва шашка турлари бўйича оммавий спорт тадбирлар (бундан буён матнда спорт тадбирлари деб юритилади) мақсади ва асосий вазифалари, спорт мусобақалари жараёнини ташкил этиш ва бошқариш, уларни ўтказишга раҳбарлик қилиш, уни молиялаштириш, шунингдек, мусобақа ғолиб ва совриндорларини тақдирлаш тартибини белгилайди.

## 1-боб. Умумий қоидалар

1. Умумтаълим мактаби ўқувчилари ҳамда маҳалланинг кенг аҳоли қатлами ўртасида спорт турлари бўйича мусобақа ўтказиш тартиби, мусобақа қатнашчиларига қўйиладиган талаблар ва уларнинг мажбуриятларини белгилайди.

2. Спорт турини оммалаштириш, ушбу спорт турларига умумтаълим мактаби ўқувчилари ҳамда маҳалла аҳолисини кенг жалб этиш ва маҳоратини ошириш.

3. Мусобақада Ўзбекистон Республикаси Конституцияси ва қонунларига, Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси палаталарининг қарорларига, Ўзбекистон Республикаси Президентининг фармонлари, қарорлари ва фармойишларига, Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг қарорлари ва фармойишларига, мазкур Низомга ҳамда бошқа қонун ҳужжатларига амал қилинади.

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министрлигиниң
2021-жыл "05"- Февраль
"34"-санлы буйрығына 3-қосымша

**Халықтың барлық қатламларын ғалабалық спортқа тартыў мақсетинде халық билимлендириў мәкемелериндеги спорт залларында "Спортты жақсы көр, спорт пенен жаса" сүрени астында ғалабалық спорт илажларын шөлкемлестириў ҳәм өткериў графиги**

| № | Ғалабалық спорт илажлары өткерилетуғын аймақ | Өткерилиўи режелестирилген спорт түрлери | Спорт жарысларының өткерилиўи режелестирилген айлар |
|---|---|---|---|
| 1 | Қарақалпақстан Республикасы (қала ҳәм районлар) | Волейбол | Январь |
| 2 | | Стол тенниси | Февраль |
| 3 | | Бадминтон | Март |
| 4 | | Баскетбол | Апрель |
| 5 | | Мини футбол | Май |
| 6 | | Шахмат, шашка | Июнь |
| 7 | | Волейбол | Июль |
| 8 | | Стол тенниси | Август |
| 9 | | Бадминтон | Сентябрь |
| 10 | | Баскетбол | Октябрь |
| 11 | | Мини футбол | Ноябрь |
| 12 | | Шахмат, шашка | Декабрь |